



Biwo Pwokirè Jeneral Eta New York la

Letitia James
Pwokirè Jeneral

Dwa travayè imigre yo Konprann dwa travayè yo ak obligasyon anplwayè yo

Travayè yo nan eta New York gen dwa — kèlkeswa estati imigrasyon yo. Lalwa eta a garanti dwa travayè yo pou yo touche salè minimòm obligatwa a epi li entèdi anplwayè yo pini travayè yo paske yo denonse aksyon ilegal anplwayè yo.

Nan Biwo Pwokirè Jeneral Eta New York (OAG) la, nou pran plent pou diskriminasyon ak reprezay kont travayè yo oserye anpil, kèlkeswa estati imigrasyon yo. Rapòte nenpòt vyolasyon lwa travay New York yo bay biwo nou an.



Rapòte yon vyolasyon lwa travay la

Ki dwa legal travayè imigre yo genyen?

Kèlkeswa estati imigrasyon yon travayè, lwa eta New York ak lwa lokal yo bay travayè yo dwa sa yo, pami lòt:

- » salè minimòm ak peman lè sipleman tè yo
- » nenpòt montan anplwayè a te pwomèt pou peye travayè a
- » konje fanmi ak medikal
- » asirans konpansasyon travayè
- » yon espas travay san diskriminasyon ak asèlman
- » pwoteksyon kont reprezay (pinisyon akòz yo pote plent)

Èske yon anplwayè ka mande yon travayè pou verifye otorizasyon travay li?

Anplwayè yo oblije mande dokiman otorizasyon travay lè y ap anboche yon travayè. Yon anplwayè ka mande yon travayè pou reverifye otorizasyon travay li nan sitiyasyon ki annapare yo:

- » lè otorizasyon travayè a ekspire oswa li pral ekspire
- » si anplwayè a gen yon rezon valab pou panse otorizasyon travayè a te soumèt nan kòmansman an pa kòrèk

Dapre lalwa New York, anplwayè yo pa ka asele oswa diskrimine travayè yo akòz ras yo, orijin nasyonal yo, sitwayènte yo oswa estati imigrasyon yo.

Anplis, yon anplwayè ka fè verifikasyon dokiman otorizasyon travay pou tout anplwaye li yo oswa kèk nan yo. Sepandan, anplwayè a dwe itilize kritè net epi ki pa diskriminatwa pou chwazi echantiyon li yo. Si li pa fè sa, yo ka konsidere demann pou plis verifikasyon otorizasyon travay kòm diskriminatwa oswa asèlman. Pou egzanp, yon anplwayè pa ka fè oswa menase pou fè verifikasyon otorizasyon travay sou travayè yo pou fè reprezay kont oswa pini aktivite legal travayè yo, tankou efò pou òganize yo oswa denonsyasyon kont kondisyon travay yo.

Kisa reprezay ye?

Reprezay se yon aksyon yon anplwayè pran pou pini yon anplwaye paske li angaje l nan yon aktivite pwoteje. Kalite aktivite pwoteje sa a gen ladan li:

- » denonse vyolasyon Lwa sou Travay Eta New York la, tankou pa resevwa salè minimòm nan oswa peman lè siplemantè, pa resevwa kantite lajan anplwayè a te pwomèt la, oswa pa resevwa konje maladi peye
- » denonse vyolasyon Lwa sou Dwa Moun Eta New York la, tankou diskriminasyon oswa asèlman ki baze sou estati imigrasyon, sitwayènte, ras, oswa orijin nasyonal
- » fè yon reklamasyon konpansasyon travayè
- » depoze yon plent oswa patisipe nan yon ankèt sou vòl salè, diskriminasyon, oswa sekirite nan espas travay la

Ki kèk egzanp reprezay anplwayè yo fè kont travayè imigre ki pote plent pou salè ki pa peye, diskriminasyon, asèlman oswa pwoblèm sekirite nan espas travay la?

Anplwayè yo fè reprezay ilegalman kont travayè yo lè yo pran, oswa menase pou yo pran, mezi sa yo:

- » rele lapolis oswa otorite imigrasyon yo
- » revoke anplwaye oswa kenbe salè yo
- » redui lè travay yo oswa enpoze yon orè ki mwens favorab
- » retwograde oswa transfere anplwaye yo
- » asiyen travayè yo travay ki pi difisil oswa egziye yo pou yo vin pi pwodiktif
- » mete travayè yo deyò nan lojman anplwayè a bay la

Èske se yon reprezay ilegal si yon anplwayè rapòte yon travayè bay otorite imigrasyon yo?

Wi, si anplwayè an te rapòte anplwaye a bay otorite imigrasyon yo paske anplwaye a te patisipe nan yon aktivite pwoteje, tankou yon plent pou vyolasyon lwa sou salè yo.

Ki penalite ki genyen pou reprezay ilegal kont yon travayè?

Anplwayè a ka oblije peye anplwaye a domaj enterè, tankou domaj enterè likide ki ka rive jiska \$20,000. Anplwayè a ka oblije peye yon amann ki ka rive jiska \$20,000 tou. Anplwayè a kapab koupab tou pou yon deli Klas B.

Ki jan lwa sou krim rayisman nan Eta New York la aplike nan espas travay la?

Lwa sou krim rayisman nan eta a pwoteje moun kont vyolans, menas ak asèlman ki baze sou ras, orijin oswa nasyonalite. Anplis, rapòte yon moun bay lapolis tou senpleman poutèt ras li, orijin nasyonal li, oswa zansèt li se yon vyolasyon lwa sou krim rayisman.

Yon anplwayè ki komèt zak vyolans, menase, asele, oswa rapòte travayè imigre bay lapolis poutèt orijin nasyonal yo, san pa gen rezon pou kwè yo te komèt yon krim, ka sibi sanksyon penal ak sivil. Remak: Anjeneral, se pa yon krim pou yon moun san papyè rete Ozetazini.

Ki ajans gouvènmantral Eta New York ak lokal ki trete plent pou move tretman travayè imigre yo?

Ajans gouvènmantral sa yo ka trete kalite plent ki annapre yo:

Biwo Pwokirè Jeneral Eta New York (OAG)

<https://ag.ny.gov/file-complaint/employment>

Salè ki pa peye, absans konje maladi, dekourajman pou itilize benefis konpansasyon travayè yo, diskriminasyon, asèlman, reprezay, trafik travayè, ak lòt pwoblèm nan espas travay la; vyolasyon sivil lwa sou krim rayisman yo

Depatman Travay Eta New York

<https://dol.ny.gov/contact-dol>

Salè ki pa peye, dediksyon ilegal sou salè, sipleman salè, salè minimòm, lè sipleman tè, reprezay, ak lòt pwoblèm nan travay la

Depatman Travay Eta New York - Sekirite ak Sante Anplwaye Piblik (PESH)

<https://dol.ny.gov/public-employee-safety-health>

Pwoteksyon sekirite ak sante nan travay pou tout anplwaye sektè piblik Eta New York

Divizyon Dwa Moun Eta New York

<https://dhr.ny.gov/complaint>

Diskriminasyon ak reprezay nan travay

Biwo Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape Eta New York- Sèvis Refijye

<https://otda.ny.gov/programs/bria/trafficking.asp>

Enfòmasyon konsènan asistans pou viktim trafik moun

Komisyon Dwa Moun Vil New York

<https://www.nyc.gov/site/cchr/about/contact-us.page>

Diskriminasyon ak reprezay nan travay (Vil New York)

Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè Vil New York

<https://www.nyc.gov/site/dca/about/contact-us.page>

Konje maladi peye (Vil New York)

Èske gen sèvis jiridik gratis ki disponib?

Ou ka fè rechèch sou sit entènèt sa a pou w jwenn èd jiridik gratis:

Law Help NY

<https://www.lawhelpny.org>

Enfòmasyon sou resous jiridik gratis yo

Remak: Gid sa a se pou enfòmasyon jeneral sèlman epi li pa yon konsèy jiridik. Konsilte yon avoka pou konsèy jiridik.